PANGAOS LANGGANAN:
1 sasih f 1.70, sak : artaal f 5.—
loear Indonesie 7.50,
pembajaran ti pajoen.

Drukkerij di Pasarstraat 36.
Telefoon No. 51
Tasikmalaja.

# „SIPATAHOENAN"

— — Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun — —

Hoofdredactie: Bakrie Soeraatmadja sareng A. S. Tanoewiredja

Agent-agent Sipatahoenan: Publiciteitskantoor „de Globe" N. Z. Voorburgwal 19 Amsterdam, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, Soetadiredja Regentsweg 34 Tjiandjoer, Gaos Soemadipoetra Pangeran Soemedangweg 115 Bandoeng, R. Achmad Sobandi Sanding Garoet, sareng D. Wirianata di Tjiamis.

ADVERTENTIE : Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—.
Harga langganan badami

Redactie & Administratie
Stopplaats Aloen-aloen No. 4
Tel. No. 121 — Tasikmalaja.

No. 118 | Senen 1 Juni 1931 — 14 Moeharam 1350 | Taoen ka 8

# P. P. P. K. I. diboerak ?

Het Nieuws njebarkeun bedja, madjar federatie P.P.P.K.I. rek diboerak, sabab tjenah ajeuna tjiri-tjirina rek koebra teh geus katembong, nja eta kahidji rek ngajakeun congres oge henteu bisa kadjadian doemeh henteu sakoemaha saregepna, ka doea ajeuna mah P. N. I. geus dikoeboer, katiloe P.S.I.I. geus henteu daek digawe babarengan djeung P. P. P. K. I.

Tah sakitoe kateranganana Het Nieuws noe dipake panjogean rek boerakna P. P. P. K. I. teh. Enja henteuna wangwangan Het Nieuws kitoe, oerang henteu atjan bisa netepkeun benerna.

Naha bisa djadi P. P. P. K. I. koedoe diboerak ?

Ari dihadja sina boerak toeloej moesna mah, sarta ngaleu ngitkeun beungkeutan sina paba rentjaj, katjida moestahilna teh. Tapi bisa djadi oge dihadean organisatiena. Oepama bae, dina ngahadean organisatie tea, kapaksa koedoe ganti ngaranna —oepamana— noe kitoe mah henteu bisa diseboetkeun ngaboerak dihadja sina leungit.

Koe oerang sarerea kaharti, sakoemna pagoejoeban kabangsaan noe aja di Indonesia katjida mikaboetoehna koe ajana beunggeutan sarta atoeran atoeran geuin digawe babarengan, sakoer pagawean noe koedoe djeung bisa dipigawe koe sarerea.

Koe henteu ajana P.N.I. dina kalangan pergerakan kabangsaan henteu djadi hidji sabab koedoe ngaboerak P.P.P.K.I. sabab aja na P.P.P.K.I. teh henteu goemantoeng ka P.N.I.

Koe henteu daek digawe babarengan P.S.I.I. djeung P.P.P.K.I. ieu oge henteu djadi sabab koedoe ngaboerak ieu federatie. Tjindekna pisan, nangtoengna federatie teh samasakali henteu goemantoeng ka P. N. I. atawa P.S.I.I.

Oepama enja koedoe goemantoeng bae ka dinja, nja naon pibeh tanagana pagoejoeban pagoejoeban kabangsaan anoe sedjen ?

Denggal oenggal pagoejoeban kabangsaan masing masing ngagaan kakoeatan djeung ngaboktian karep sorangan, henteu koedoe goemantoeng ka pagoejoeban anoe sedjen, anoe mamasa henteu atjan aja sababna koedoe ngaboerak federatie.

Memang bisa djadi federatie koedoe diboerak, tapi lamoen aja unificatie, ari ngajakeun unificatie tea lain hidji pagawean noe gampang, sabab mah djalanna koedoe ngaboerak organisatie noe geus aja, lain kakara dihidjikeun deui. ... noe diseboet tjikeneh teh, ... katjida hadena, lamoen geus ninggang kana kaperloeanana, tapi dina mangsa ieu mah, sanadjan karasa kaperloeanana oge, henteu atjan bisa di djalankeun, sabab ngarobah organisatie's teh, henteu bisa ditaragal sagawajah ngarobah bae.

Djaba ti katerangan noe ka seboet tjikeneh oge, taja petana unificatie bisa didjalankeun lamoen masih keneh aja pagoejoeban pagoejoeban anoe henteu daek ngahidji dina federatie, sabab oepama kitoe mah, sanadjan aja unificatie oge nja meureun tetep bae aja pagoejoeban noe antjal - antjalan sarta masing masing mawa karepna sorangan.

Ngantet kana ieu katerangan, asa henteu atjan katembong ka perloeanana federatie noe ajeuna geus aja koedoe diboerak, sanadjan Het Nieuws nembongkeun katerangan noeroetkeun galagat noe geus diseboet di loehoer oge.

Keur kaoem Het Nieuws memang katjida hadena lamoen pagoejoeban-pagoejoeban kabangsaan di lemah tjai oerang henteu ngabogaan federatie, malah keur eta kaoem mah leuwih hade pisan, lamoen samasakali henteu aja pergerakan kabangsaan bae.

Djadi sanadjan Het Nieuws rek njarita leuwih ti kitoe oge, tjek oerang teh katjida moenasabahna, sabab kapentingan pihak itoe djeung pihak oerang katjida pisan todjaijahna. Het Nieuws meunang njaritakeun koemaha bae, tina bab federatie pergerakan kabangsaan Indonesia, tapi Het Nieuws moal bisa njaho naon kapentinganana federatie keur sakoemna pergerakan Indonesia.

Tjindekna, federatie pergerakan kabangsaan salawasna koedoe aja !

Ari sababna, noe mikaboetoeh koe ajana federatie teh, lain ngan pagoejoeban pagoejoeban kabangsaan noe make dadasar cultuur kabangsaanana bae, sanadjan noe make dadasar ka Indonesiaan oge, mikaboetoeh koe ajana federatie teh.

Tjita-tjita unificatie memang geus aja, tapi samemeh nepi ka dinja, henteu aja sabab-sababna nepi ka doedoe ngaboerak federatie noe geus djalan, malah ieu federatie teh koedoe leuwih ditohagaan.

Henteu kaharti, lamoen aja pagoejoeban kabangsaan anoe hajang ngaboerak federatie P.P.P.K.I., iwal pagoejoeban noe henteu make dadasar kabangsaan mah.

Tjindekna, Het Nieuws meunang nendjokeun, meunang njaritakeun, tapi timbanganana dina lebah dieu mah, henteu atjan beunang dianggap.

## Wegen Commissie di Tjiandjoer.

...oe Raadsvergadering Reg. ...ndjoer ddo. 25 April 1931 ... diajakeun hidji badan a..., diseboetna mah „Wegen ...missie".

...aon sababna diajakeun Com... ...e matjem kitoe ?"

...k bedja mah lantaran, noe ...eun pakelakan Rajat, kaajaan djalan Reg. Tjiandjoer ...a gorengna, tjek basa Per... tea mah : „Beneden alle critiek;" komo tjenah, anoe rada djaoeh ti dajeuh mah. Tah, lantaran eta, nja dina Raadsvergadering noe kaseboet diloehoer eta perkara djalan djadi punt anoe penting pisan.

Naon ari maksoedna Commissie teh ?

Sarerea oge moal teu terang naon gawena hidji Commissie, tapi bisi bae aja noe hambam keneh kana eta ketjap, koe sim koering rek diterangkeun, pendek bae, „Commissie teh hidji badan anoe koedoe mariksa".

Wegen - Commissie teh meureun hartina „Pamariksaan djalan djalan."

Barang ngeng oge ngadenge jen koe Raadsvergadering terseboet geus diajakeun eta Commissie djalan djalan, katjida atohna, sabab sapamanggih sim koering oge „bener" pisan, djalan djalan Reg. Tjiandjoer teh rereana mah „belabberd".

Sim koering ngalem ka R. R. Tjiandjoer koe kesitna djeung tjepetna njieun poetoesan ngajakeun wegen-Commissie teh.

Tapi . . . . . beu ieu tapina tapi pandjang pisan. Geura oerang teroeskeun pamandanganana.

„Ngadegna Commissie teh ddo. 25 April 1931."

Beu meureun geus remen ngomisina djalan-djalan teh, moal lila oge oerang ngadenge verslagna.

Tapi noe matak atoeh, bet tjan sakali kali belon ngomisina teh ! ! ! (Echt voor Tjiandjoer— 't Gaat steeds op z'n elven dertigst).

Naon tjenah, sababna eta Commissie angkat dilamban, diselop tjentik, toeroeg-toeroeg make halesdoek deuih ? (tiris ? ! ! ?)

Oepama ngomlen mah atawa aja noe didagoan, atoeh engke bae taoen-taoen 1940 ngajakeun Comm. teh, oelah ajeuna ; mitjeunan bae waktoe koe vergaderinkje te spelen, ari sababna mah da geus meh tangtoe lid-lid Commissie moal boga papanggihan keur saksi (bewijzen) pakelakan² tea.

Neem dan liever het volgende besluit :

„De door den R.R. Tjiandjoer, op den 25sten April 1931 gehouden Raadsvergadering, ingestelde wegen. Commissie, wordt onder dankzegging voor de te verrichten vele en gewichtige diensten den R.R. bewegen, ontbonden !" (sic).

Sabab keur nahaon make aja Commissie, lamoen oerang geus meh bisa tangtoekeun, jen beubeunanganana bakal „nihil".— Toengtoengna teh meureun noe ti loehoer pisan mah boga sangkaan, jen eta teh pakelakan djidjieunan bae. Naha memang eta noe dimaksoed koe R.R. teh ?

Tjek sim koering : „Pirakoe djelema djelema sa-Tjiandjoer kelak, ngagogoreng djalan, lamoen euweuh w a a r h e i d noe djadi grondslagna (dadasarna) mah ?" Kapan ajeuna teh keur oesoem pak-pik-poek neangan djalan paoesahaan, boro-boro aja waktoe keur ngomong kosong ; djadi tetela pisan ieu mah geus leuwih ti misti gorengna teh.

Ngeng deui meunang radiogram, jen Commissie teh atjan prak ngomisina ngadagoan „gegevens", tjenah (katerangan²). Geus beuki poék bae, da meureun kaboeroe koe akal keling eta djalan-djalan teh, sabab sigana bae ngoempoelkeun gegevens teh lain pagawean gampang, atoeh toemaninah pisan, aja waktoe keur kitoe tea, kieu tea, boehoehan atoeh, djelema rea akalna. Ari benerna mah, prak pariksa kaajaanana djalan² ajeuna, djadi katendjo boektina heula; kakara pariksa boekoe-boekoe djeung kaloearan ongkos-ongkos. Lamoen teu sapagodos, tah gampang ngonderzoekna di mana noe maen kajoe, noe kongkalikong. Poegoeh bae waktoe ti 25 April tepi ka 25 Mei teh waktoe noe laloeasa pisan keur njotjoken-njotjokan liang-liang didjalan bae mah.

Geuning ari kana ngabelastingna mah sakitoe gantjangna. Teu noeroet kana waktoe noe di tangtoekeun, „dengda" bae. Naha teu njarabo un kitoe Rajat nada majar 10% opcenten keur Reg. djeung 4% opcenten keur Prov: djaba di penning penning keur voortuigen ?

Naon sababna ieu perkara belasting disabit sabit ? Eta ajeuna mah lain voertuigen noe ngaroeksak djalan, tapi sabalikna. Bener, bareto mah, keur djalan aloes keneh, voertuigen noe ngaroeksak djalan, tapi voertuigen belasting, noe dibajar dengan contant, dikamana keun atoeh, lamoen henteu di gonakeun kana ngajoeman djeung onderhouden djalan djalan ?

Naha noe djadi gegedoegna Tjiandjoer teu ngaraosan awon na djalan djalan kitoe. Henteu meureun, a. sabab tara ngadon njatjabaan ka noe djararaoeh ..., dines mah, siga katoe kang toekang, soegan.

b. Mobielna merk djempol, anoe perna njempol, djadi djalan goreng oge, karasana djadi ngageleser bae.

c. Moal katingali, sabab tjalik na tangtoe ditoekang, moal enja bae ngarendeng djeung soepir.

Engkena teh verslag Commissie - nihil taksi taksi noe karagoengan mobil djararempol teu ngararasa, atoeh ngaboentoet bangkong deui bae ieu teh, siga perkara gotji wasiat tea. Djeung koe aneh sagala gola teh di Tjiandjoer mah berhoeboengana teh djeung bangkong bae, djeung boentoetna kitoe oge.

Ke lamoen aja waktoe register kaanehan Tjiandjoer rek ditembongkeun geura, keur kitoe bae gaél - gaéleun, da dahareun geus hese.

Pang teu kahartina teh ieu geura ;

Tjek djelema rea : Tjiandjoer sinonim djeung rotjet. Barang personilna R.R. sakitoe lengkepna djeung djarempolna, boektina I. noe koerang geschikt, kasi lepas saperti djr. Adriaan, II. gadjihna djioeg djleg ari nambahan teh, meureun bawaning koe loear biasa kabisana djeung katjakepanana (dina sembah kitoe ? sic.), naha bet teu narisaeun ngabeberes djalan djalan atjan, III. di R. W. anoe djadi daliktoerna Walanda, personil sedjenna kabeh djalma noe geus tabah kana pagaweanana, aanne merna djempolan, noe ditoeloeng koe anak anakna, mobielna mani doea, motor, nja eta meureun ambeh kesit kana pagaweanana, tapi naha bet djalan djalan rotjet, W.O.na tjoekoep, toekang ngoelintjer mariksaan djalan, tapi djalan-djalan rotjet.

Heran ! ! ! Heran ! ! !

Tjamboek.

## Pergerakan

### Openbare propaganda vergadering Pasoendan ddo. 17 Mei 1931 di Sindanglaoet.

Voorzitter nerangkeun perloena oerang ngoedag kamadjoean, nja eta koe ngajakeun rioengan rioengan, tjara tjonto Pag. Pasoendan. Saparantosna ladjeng disamboeng koe maos Statuten Pag. Pasoendan, dipilih artikel artikel noe pentingna bari saka lian diterangkeun kalawan etjes pisan.

Djoeragan K.S. Mihardja nembongkeun kabingahanana koe ajana ieu kempelan, ti dinja andjeunna njebatan sakola sakola sareng instelingen noe sanes noe diadegkeun koe Pag. Pasoendan dimana mana; koemaha toemerapna kana atina hidji hidjina djalmi, aja noe wani, aja noe sieun, aja noe hajang ngahalangan bae kana djalanna Pasoendan, oge diterangkeun margi margina noe mawi kitoe; koe giatna propaganda, eta rasa ka Pasoendanan teh beuki nerekab bae.

Pikeun tawis katjintaan oerang ka bangsa sareng lemah tjai, kedah diboektikeun koe prakna didamel sasarengan, oelah ngan dina lalambe bae. Koemaha karepna Pasoendan noe kaoeni dina Statuten artikel 2 diterangkeun etjes pisan, oge naon noe djadi dasar dasarna Pasoendan nja eta politiek, sareng economie, seueur keneh noe sieun koe ketjap politiek, tidinja di djoedjoet naon maksoedna politiek sareng kedah koemaha dina ngoedagna eta politiek sareng economie teh, dina salebet ngoedag ngoedag kapolitiekan sareng economie, oelah kantoen didikan kalemesan boedi, margi djadi fundament kana tegoehna naon naon noe keur dihantja.

Saparantosna, disamboeng deui koe ngadadarkeun goenana rioeng moengpo-loeng (vergadering), doegi ka aja 3 roepi, disebatan hidji hidji, karasa goenana soteh koe anoe ngaregepkeun, ari niat oelin bae mah moal ngarasa aja mangpaatna, malah sok kadjadian aja noe noendoetan dina vergadering. Tidinja diterangkeun oge kawadjiban kawadjiban noe djadi elid tina hidji pakoempoelan. Andjeunna njarioskeun oge hal kaajaan Sindanglaoet dibandingkeun sareng Tjiledoek, naon margina noe mawi pakempelan-pakempelan teh di Sindanglaoet mah teu djadi bae atawa tara lana, noe djadi hamena pangpangna kapelesiran anoe matak ngalampoed kana kadaek, sareng koemaha akalna ngoeranganana.

Djoeragan S. Wangsasapoetra ngawangsoelan deui oenina art. 2 nja eta karepna Pasoendan, baris ngamadjoekeun pangartina oerang Soenda koe djalan ngadegkeun sakola sakola ; goenana H. I. S. kanggo ngoedag kamadjoean sareng djadi dadasar sakola-sakola saloehoereunana.

Ti dinja andjeunna nerangkeun perloena di Sindanglaoet aja H. I. S. koe margi eta oepami di Sindanglaoet tiasa ngadeg tjab. Pasoendan, soepanten enggal enggal oesaha ngajakeun boeahna, nja eta H. I. S. Pasoendan, sareng njoehoenkeun ka sadajana soepados pada sami-sami ngarodjong.

Djoeragan Wirjadiredja, njarioskeun kabingahanana reh ± 10 sasih kapoengkoer, di dieu parantos aja tjab Pasoendan, nanging handjakal kataradjang hama, doegi ka kapaksa dikoebrakeun, digentos koe kring bae. Ajeuna eta bentang Pasoendan ragrag deui di dieu, moegi-moegi tiasa langgeng hiroepna kalawan soeboerna, ladjengna njariosna ditoengtoengan koe tembang lagoe „Dangdanggoela" njoetat tina boekoe „Goegoeritan Batoetoelis" noe maksadna ngahoedangkeun rasa tjinta bangsa katoet lemah tjai, oelah sagala teh ngan kalindih bae.

Sareresna noe njarios, djrg. voorzitter nganoehoenkeun ka soegri noe parantos njarios ngadelangkeun hal Pasoendan, moegi moegi bae ngadeg tjabangna.

Ditema deui koe djrg. K. S. Mihardja maos boekoe verslag taoenan Pag. Pasoendan katja 4 bab „Radjah," maksadna nja eta soepados tambih njerep hal ka tjintaanana ka bangsa katoet lemah tjai.

Ladjeng ngiderkeun kertas kosong kanggo njerat noe bade lebet Pag. Pasoenkan, barang dietang sareng, leden lami aja 59,, koe margi eta tjekap kanggo ngadeg tjabang di Sindanglaoet.

Pilihan Bestuur, noe kapilih :

1. K. Natasoemantri, voorzitter, H. O. sakola klas II Sindanlaoet.
2. K. S. Mihardja, secretaris, M. Goeroe sakola klas II Karangsemboeng.
3. Satradimadja, Penningmeester, Schatter Pandhuis Sindanglaoet.
4. Wirjadiredja, Commissaris, v. o. Karangasem, Karangsemboeng.
5. Wangsasapoetra, Commissaris, Beambte Pandhuis Sindanglaoet.
6. Saleh, Commissaris, Schrijver Irrigatie, Sindanglaoet.
7. R. Tjakraprawira, Commissaris v. o. Sindanglaoet.

Saparantosna rengse pilihan bestuur, voorzitter hatoer noehoen kalajan namina bestuurs leden sadaja, moegi moegi tiasa madjeng koe pangrodjongna leden sadaja.

Secretaris njamboeng kana voorstelna djrg. S. Wangsasapoetra, nja eta soepados di Sindanglaoet aja H.I.S. Pasoendan, ladjeng marios leden anoe bade ngalebetkeun poetrana aja 14, ti loear 4, koe margi djoemlahna teu atjan njekapan, disoehoenkeun ka sadajana leden, soepados kersa propaganda hal eta.

Djoeragan Wardja njarioskeun hal H.I.S. Pasoendan di Poerwakarta; ti leden mah moeng aja 20, nanging koe oesahana leden, tiasa nampi moerid ± 120.

Saparantosna rengse ngabadantenkeun hal ngilari pimoerideun, vergadering ditoetoep koe djrg. voorzitter taboeh 12 siang, kalajan salamet.

Versl.

TOKO BAWEAN
Pasar Baroe 90-92 Bandoeng

Hatoer oeninga ka sadaja para djoeragan-djoeragan pameget sareng istri, jen dina ieu toko kasebat di loehoer parantos di ajagikeun deui barang-barang anoe NETRA MODERN, anoe kleur sareng kwaliteitna noemoetkeun — gojangna djaman, obahing alam. — Moal tiasa disebatkeun hidji-hidjina barang. sae saraksikeun koe andjeun bae

Hormat
NATIONAAL,
TOKO BAWEAN.

Ngilari hidji goeroe

Wedalan Kweekschool kanggo H.I.S. Pasoendan II (teu nganggo Subsidie); gadjih noemoetkeun atoeran Gouvernement. Serat panglamar adreskeun ka Bestuur PASOENDAN Tjabang Tasikmalaja.

Pangelatna ping 20 Juni '31




A. OSVIA A. WIRON

Nampi kongkonan Ketoe - oedeng, model sareng oekoeran noemoetkeun koemaha kapalaj. Padamelan ditanggel rapih sareng enggal, djoeragen² tiasa ngajaktoskeun ka Toko sim koering. Salamina sajagi kangge kaperloean Djoeragan - djoeragan sapertos : Ketoe-oedeng roepi² model sareng oekoeran, ti awit pangaos f 2,— doegi ka f 6.— Saroeng² geroesan Tjirebon sareng Bandjaran No. 1, tinoenan sorta Soemedang anoe parantos kasohor kakiatanana. Polengna (Tjorakna) sajagi roepi-roepi. Perkawis pangaos di tanggel langkoeng mirah ti anoe sanes.

KINTOENKEUN, oedeng djoeragan anoe bade di damel ketoe-oedeng, ka adres anoe kasebat di loehoer.

PRIJSCOURANT TIASA MOENDOET GRATIS

## Gentra Istri

### Ngeplek djawer ngandar djangdjang mijoeni hajam kabiri.

Para poetra djeung para poetri, sepoeh anom, menak koering anoe pada maraos Sipatahoenan atawa Bint. Tim. babakoena oerang Bogor, tangtoe pada katji da ngarep ngarepna hajang njaho iraha waktoena, hajang geura ngalaladjoan openbare debat vergadering anoe langka kadjadian.

Publiek anoe moal pibiseeun ngaloeoehan ieu vergadering tangtoe pada ngarep ngarep hajang geura matja verslagna dina soerat kabar.

Iraha waktoena?

Tjek bedja anoe katampa koe Sip. waktoena bakal ditetepkeun koe djrg. Gandasasmita (kampioen njandoeng tea).

Sakoemaha anoe kaoengel dina Sip. bener teu aja pisan salahna, bener djrg. G. geus nangtang, ngadjakan debat ka djrg. Akil. Bisi teu pertjaja, ta roskeun bae ka djrg. A. di na djeunna aja soerat panangtang ti djrg. G., anoe maksoedna: di mana tempatna, iraha bae wak toena wani debat!

Noe njoempoet toekangeun psodeuniem Kembang Toendjoeng. anoe ngiritik Pandita Goeroe istri (noe anom) pa meget, publiek geus pada njaho, nja eta noe ajeuna djadi tegen stander djrg. G.

Pandita Goeroe noe ngaraos tangtoe tjabe, noe tangtoe ngara sa lada, teroes nembongkeun kalalakianana, moeka kedokna koe andjeun, ngebrehkeun sali rana di hareupeun oemoem, ene braj teh bet djoeragan T. Gandasasmita Goeroe di Tjibinong (Bogor.)

Ieu doea pahlawan noe saoerang pro njandoeng noe saoerang deui anti njandoeng rek pada pada nembongkeun (ma geuhan) pendirianana djeung ka jakinan hatena.

Ajeuna geus djadi rame deui dina s. k. jen djrg. G. ngadja kan debat ka djrg. A. tina per kara polygamie, anoe tangtoe djrg. G. geus mikir mikir pi waktoeeunana noe hade (moal soegan ari nepi ka teu toeloes mah, da maureun pang wani nangtang oge, wani dina proeng na debat.)

Publiek panoehoen ka djrg. G, soepaja nangtoekeun progra mana ti anggalna keneh, ambeh bisa dipubliceer heula dina s.k, sabab moal boa, ti tempat-tem pat noe djaraoeh oge pada mer loekeun daratang.

Barang keur ngagoeroet noe lis, torodjol bapa baroedak datang mawa bedja, pokna: Teu sangka „gos Bogor" teh bet ngeplek djawerna.

Teu njana bet kawas boedak, djawab Amboe.

Tjindekna (bapa baroedak meunang bedja anoe njata): openbare debat vergadering teh m o a l t j i o s, lantaran djrg. G. (anoe nangtang) . . . . m o e n d o e r.

Kana sabab-sababna, moal aja noe njaho kadjaba djrg. G. koe andjeun.

Meunang bedja deui (bedja anoe 100 pCt. benerna), djrg. Natasmidjaja noe bakal dipenta soepaja kersa djadi juri, baris nolak.

Djadi tetela kana m o a l t o e l o e s n a teh!

Oerang Bogor, sareng noe ma os Sip. sadajana, oelah arep arepeun, openbare debat vergadering teh teu tjios, lantaran adoeanana atar hidji. (Tapi saha noe njaho, djrg. Gandasasmita ka hareupna singkil deui nroes keun maksoedna noe kaseboet di loehoer, ngabela kajakinan manahna. Kapan oerang teh ma ti-mati „tacun" oge, ari geus besk dengkak mah, geus ngaboe dalkeun tjita-tjita, teu panasaran. Sanes kitoe Heer Ganda?)

Ari ka djrg. Akil mah Amboe pertjaja, tangtoe iraha bae oge, bakal ngaladenan kana pangadjakna djrg. G. Leres kitoe, Heer Akil?

Teu poegoeh, boro satadina mah, ridoe ridoe ge koe boedak rek maksakeun maneh lala djo.

Amboe baroedak.


**Toemaros**

Naha djoeragan parantos ngintoen keun waragadna Sipatahoenan? Oepami teu atjan kedah enggal.

Adm.


## Priangan

### Tasikmalaja.

**Pest di Priangan Wetan.**

Noeroetkeun tjatetan Dienst der Volksgezondheid di Tasikmalaja, ti tanggal 24 nepi ka tanggal 30 Mei 1931, noe kate rap koe panjakit pest ngan aja saoerang di onderdistrict Radja polah (Tasikmalaja) sarta nepi ka maotna pisan.

Katjida handjakalna aja keneh bae noe katerap panjakit pest teh, padahal dina minggoe toekang mah henteu aja hidji hidji atjan.

**Stadion Tasikmalaja.**

Tjek noe njarita, Regentschaps raad Tasikmalaja geus aja karep na rek ngajakeun stadion (sport terrein) tjara Regentschapsraad Garoet.

Tapi noeroetkeun katerangan mah, oepama ieu maksoed ka djadian tangtoe baris leuwih alees ti batan noe ajeuna aja di Garoet. Sabab noe dipimaksoed koe R.R. Tasikmalaja mah, baris ngajakeun doea voetbalveld djeung doea tennisbaan sarta ka beh kawengkoe koe stadion tea.

Noe resep kana sport geus tangtoe ngarep ngarepna.

**Harmston circus.**

Malem Minggoe mangkoekna Harmston Circus ngamimitian nembongkeun pangabisana di aloen aloen Kaboepaten Tasikmalaja. Hadena bae ieu circus teh henteu lila ajana di Tasikmalaja, sabab lamoen lila teh tang toe lain saeutik ngedoekna doeit.

Da zeuning ari kana laladjoan neun mah, henteu katemhong ajana oesoem tigerat di Tasikmalaja teh.

—o—

### Ti Tjiamis.

**Lalawora ngadjaga boedak.**

Henteu atjan sakoemaha lilana di kampoeng Linggar o/d Tjikoneng (Tjiamis) aja kadjadian katjilakaan noe katiida ma tak watirna.

Pamadjikan Arkawi ngoeloeb ganjol keur dahareun tengah poe barang geus asak toeloej dina hekeun djeung tjai pangoeloebanana kana djadjambaran. Anakna noe kakara oemoer doea taoen nendjo tjai dina djadjambaran ngeboel keneh toeloej disampeurkeun, barang nepi pisan ka na djadjambaran boedak teh laboeh noebroek djadjambaran tea, atoeh saloear awakna bae keuna kana tjai noe panas keneh pisan, barang dihandjatkeun ka tjida matak watirna teh, sabab saloear awakna pinoeh koe ta toe boleklekan. Karoenja!

—o—

### Ti Bandoeng.

**Aja halangan**

Pembantoe Sipatahoenan di Bandoeng, poe ieu henteu bisa ngiriman roepa roepa bedja ka djadian di Bandoeng, lantaran aja halangan noe henteu bisa di tjaritakeun dina ieu soerat.

Tapi Insja Allah, ieu halangan teh moal lila tangtoe ngabantoe deui sakoemaha biasa.

**Inspecteur Inl. onderwijs.**

Djrg. D.J. Duynhouwer Wd. plv. Inspecteur Inl. Onderwijs in het 4e ressort di Bandoeng, dialihkeun ka Madioen. Andjeun na mileuleujankeun ka goeroegoeroe priboemi saranah Pasoendan, sakoema noe kaseboet dina advertentien.

**Politie-Rapport Bandoeng.**

Geus ditahan koe politie:

Adiarta, oerang Pasir malang, lantaran geus ngagelapkeun kareta mesin harga f 70.— anoe Theo Tjeng Hoo, oerang Katjakatja Wetan.

Abdoelhamid, oerang Tjigoerlang, lantaran geus ngagelap keun doeit f 20.— anoe Abdoellah, oerang Kebonmanggoe.

Karnadi, ditahan tanggal 26 boelan ieu, geus ngakoe jen manehna geus maling:

1. badjoe palmbeach djeung erlodji nekel katoet rantajna pangadji f 6.50 anoe Soekarta, oerang Sasakgantoeng.

2. badjoe gabardine djeung loket dieusi doeit f 1.50.— djoemblah pangadja f 12.50 anoe Hatomi, oerang Regol.

3. sapasang teplek pangadji f 1.— anoe Entjoen, oerang Regol.

---

## PATOERAJ TINEUNG

Dina waktosna ngalios ka Madioen, noe nawis dihandap ieu, ngahatoerkeun patoeraj tineung ka sadaja pa ra djoeragan djoeragan Schoolopzieners miwah para djoeragan djoeragan goeroe di sakola-sakola Normaal, sakola-sakola kelas II sareng sakola-sakola desa di sakoelilah tanah Pasoendan.

**D. J. DUYNHOUWER**

wd. plv. Inspecteur v/h Inl. Onderwijs in het 4e resort di Bandoeng.

---

4. saroeng pangadji f 2.25 anoe Salam, oerang Regol.

5. loket dieusi doeit f 1.— anoe Madharmi, asal oerang Leles, dipaling di lapang maen bal Nieuw-Houtrust.

6 pantji harga f 1.75 anoe The Koen Peng, oerang Pangeran Soemedangweg.

7 pameuleuman harga f 0.50 anoe Jie Seng Loeng, oerang Zuid Passarstraat.

8 rantang harga f 1— anoe Hin Loeng. oerang Zuid Passar straat.

9 loket dieusi doeit f 1— anoe Nji Odah, oerang Kebonmanggoe.

10 loket dieusi doeit f 50— roepana anoe Kwa Tjin Liong, oerang Gang Tamin, ditjopet di tempat meuli kartjis Miss Ribot.

11 erlodji perak katoet rantaj na alpaka anoe Sanib, oerang Kandangsapi, dipaling dina pameulian kartjis Miss Ribot.

12 loket dieusi doeit f 0.50 teu karoehan saha noe bogana, ditjopet di feestterrein Elita.

13 erlodji perak djeung rantaj na, ditjopet di pasar Soekaboemi.

14 saroeng pangadji f 2.50 anoe Tjokro, oerang Tipar, (Soekaboemi).

15 badjoe djeung loket dieusi panitih dasi emas, djoemblah pangadji f 10— anoe Mardjoeki, oerang Soekaboemi.

**Kapelingan:**

Tahir, oerang Gang Soekamah, geus kapalingan pakean djoemblah pangadji f 19.70 Bangsatna ngaran Sahoedi, asal oerang Talaga, malingna pakean noe kaseboet tadi teh kalawan ngaroentsak peti.

J.D. Dirksen, oerang Depot Bataljon le Compagnie, geus kapalingan erlodji perak djeung rantajna doublé, pangadji f 25.— keur mandi di Tjihampelas.

le Luitenant Meeseckers, oerang Tjimahi, geus kapalingan lantera listrik djeung djas hoedjanna, djoemblah pangadji f 62.50.

**Kaleungitan:**

Njonja Somanegara, oerang Ardjoenaweg, geus kaleungitan tjoetjoek geloeng emas harga f 50.

**Digegel andjing.**

Siti Margab oerang Tjihaoer geulis, geus digegel andjing anoe Asroroedin, oerang dinja keneh. Noe tjilaka di bawa ka Instituut Pasteur, sri andjingna ditewak.

Hamidi, oerang kampoeng Antjol, geus digegel andjing teu karoehan saha noe bogana, leungeunna noe kenaja. Manehna dibawa ka Instituut Pasteur, rja kitoe deui andjingna sanggeus ditewak teroes dibawa ka Ran tjabadak baris dipariksa.

Danta, oerang Lengkong, geus digegel andjing anoe Gervois, oerang Kantoorweg. Noe tjilaka dibawa ka Instituut Pasteur, ari andjingna ditewak, oge baris di pariksa di Instituut Pasteur.

**Katjilakaan di djalan:**

Di parapatan Pasarbaroe djeung Pangeran Soemedangweg, geus kadjadian diadoe delman B. 1279 dikoesiran koe Pardi, oerang Astanaanjar, djeung noe toem pak kareta mesin ngaran Tjan Hai Si, oerang Gardoedjati. Kareta mesin roeksak, ngan hade na euweuh katjilakaan djalma.

Di Groote Postweg West, mo bil D, 13506, disoepiran koe Tek Ting Liang, oerang Tjika wao, geus diadoe djeung noe toempak kareta mesin ngaran Andi, oerang Kebondjati. Kareta mesin roeksak, ngan hadena noe toempakna mah salamet.

Di Groote Postweg Oost, del man B. 1191, dikoesiran koe Aoep, oerang Tjitjadas, geus di adoe djeung mobil D. 3206, di soepiran koe W. Scheffen, oerang Parkweg. Delman roeksak anoe pohara pisan, ngan ontoeng euweuh katjilakaan djalma.

Di Groote Postweg Concor dia, mobil B. 13815, disoepiran koe P.A. de Corte, geus diadoe djeung mobil B. 2583, didjalan keun koe Warsaid, oerang Rantjamanjar. Hadena euweuh ka tjilakaan djalma.

Di Bragaweg, delman B. 214 dikoesiran koe Nani, oerang Tjigereleng, geus diadoe djeung mobil D. 11303, disoepiran koe Hardi, oerang Tjibeunjing. Delman roeksak, ngan henteu saha raha.

Di djalan ngoletjer, Soeniara dja djeung Westpassarstraat, del man B. 2555, dikoesiran koe Ijo, oerang Andir, geus diadoe djeung mobil D. 14158, disoepiran koe Yamahita, oerang Oude Kerkhofweg. Ti tengah noe toem pak kareta mesin kagentjet, ngaran The Pik Seng, oerang Soreang.

Delman roeksak, nja kitoe deui kareta mesin djeung mobil. Oen toeng noe toempak kareta mesin rikat loentjat, djadi euweuh katjilakaan djalma.

Di Samiadjiweg, noe toempak kareta mesin ngaran Tjang Beng, oerang Soeniaradjaweg, geus ka toebroek koe motor B. 3520, di toempakan koe Lim Tjoen Koen, oerang Kerkstraat (Meester Cornelis). Kareta mesin roek sak, ngan hadena euweuh katji lakaan djalma.

Di parapatan Atjeh djeung Oud Merdikastraat, motor D 124457, ditoempakan koe Weidema, oerang 15e bataljon, geus diadoe djeung mobil D 8769, teu katangen saha noe njoepirna. Noe kaseboet miheuli roek sak, aalah noe toempak roeksak doean (djeung noe naepel di tockang) teratoe, ngan henteu matak salempang bae.

Di Groote Postweg Tjitepoes, noe toempak kareta mesin ngaran Badio, oerang Kebondjoe koer, geus katoebroek koe mobil D. 4702, teu katjahoan saha noe njoepirna. Kareta mesin roeksak, ngan hadena noe toem pakna mah salamet.

Di Sumatrastraat, mobil B. 11675 disoepiran koe T. Habibotte, oerang Gang Kadiman (Weltevreden), geus diadoe djeung mobil D. 54. hadena eu weuh katjilakaan djalma.

Nji Iroh, oerang Tjikawao, keur leumpang di lebah Groote Postweg Oost geus karoempak koe noe toempak kareta mesin ngaran Saon, oerang Neripanweg.

**Roepa roepa kadjadian;**

Lantaran koerang iatna kana seuneu, koe hoeroengna sablek minjak sepertoes, Ocki djeung Wali, asal oerang Soekaboemi, teroes kaboeleum. Manehanana dibawa ka roemah sakit, baris dioebaran.

Hidji bangsa Japan, ngaran Maurmahi Tsisso, oerang Bantjeuj, lantaran kapanggih keur maboek di djalan, teroes dibawa ditoenggoekeun nepi ka tjageur na.

The Peng Hia, oerang Kopo weg, geus kapalingan oedoedeun pangadji f 6,15 aja noe njokot tina kareta mesinna keur ditoen deun di Pasarbaroeweg.

Noe djaga di tempat neundeun kareta mesin di „Luxor" geus ngagelapkeun mantel pangadji f 2.50 anoe Emen, oerang Djelekong.

—o—

### Ti Soekaboemi.

**Katjilakaan Autobus.**

Anjar anjar ieu di djalan Palaboeanratoe - Tjisolok, lebah ti koengan noe teroesan ka onder neming Tjitandoh, dina palebah duiker pisan geus aja kadjadian doea autobussen ngadoe tanaga, nja eta D. 11752 contra D. 10027, tapi autobus noe kaseboet pan teuri eleh kakoeatanana, nepi ka rea karoeksakanana. Ngan hadena bae ari katjilakaan djal ma mah henteu aja.

—o—

## Pag. Sagawe

### Sub. Comite P. K. V. B. tjabang Garoet.

Dina malem Minggoe ping 23 Mei P.K.V.B, tjabang Garoet parantos ngajakeun leden vergadering, tempatna di boemi djoer I. Soekrawinata Voorzitter P.S. P. Z. Garoet.

Leden anoe saroemping aja 35 Doepi agenda ngenda anoe ba de di tjarioskeun nja eta:

Djam 7,15 vergadering ngawi tiu di boeka koe Djoeragan I. Soekrawinata Voorzitter P. S. P. Z.

Noewitan tjarios nerangkeun tina.

Agenda I njarioskeun kekengi ngan Congres di Kroja kalawan diterangkeun taliti pisan, sarta koe noe djadi leden kahartos, sareng di tampi kalajan kabingahan.

Agenda II. Andjeunna njarios ka leden, saha anoe baris kapilih kana Voorzitter ti waktoe ajeuna: Vergadering netepkeun ka andjeunna jen kedah djadi Voor zitter tina P. K. V. B. sarengna deui masih tetep djadi Voorzitter tina P.S.P.Z.

Andjeunna teras nganoehoen keun ka ledea tina parantos di angkat djadi Voorzitter kawoe woeh masih keneh di pertjanten tina Kavoorzitteran.

Ajeuna anoe djadi Vice Voor zitteres ti pihak istri.

Djoer: Samsoenah anoe di angkat sarta leden sadajana noe tiasat.

Anoe ka pilih kana bestuur ti pihak pameget.

| | | |
|---|---|---|
| 1e. Djoer: | S. Soehanda. | |
| 2e. | „ | Sastra. |
| 3e. | „ | Sanoesi. |
| 4e. | „ | Banti. |
| 5e. | „ | Atma. |
| 6e. | „ | Oedjoe. |

ti pihak istri Djoeragan Oeoem.

Agenda III. Djoer: Sastra ka giliran maos rarantjang statuten sareng Huishoudelijk Reglement, teras moefakat kana eusina Statuten sareng H. R.

Agenda IV. Djoer: Atoni Secretarie P.S.P.Z. teras njarios keun tina kaajaan Cooperatie sareng sparen tina katjida ma djengans sarta nganoehoenkeun ka noe dianten le'ten tina paran tos merloeken njarimpenan artos, moedah moedahan bae ka pajoen mah tiasa oge ngadeukeun toko, koe dj lantaran ka sada jana leden soepaja tambah soson soson njarimpen artos, soepados Cooperatie djadi ageung mo djena.

Oge koe andjeunna di terang keun azas azasna tina bab Sferen sareng Cooperatie kalawan sa djelas djelasna.

Ajeuna Djoeragan Voorzitter naroskeun, ka pihak leden soegan aja anoe bade maparin pamandangan Djoeragan Ganda maparin pamandangan kieu: saoerna:

Doeloer - doeloer! koe tjita tjita oerang sarerea ajeuna mah hasil maksoed anoe di arep arep ti baheula, hojong aja per koempoelan atanapi beungkeutan, koelantaran ngarasa era ninggal di sagala pagawean djamen ajeuna mah parantos aja pakoempoelan (beungkeutan), ari di oerang bet euweuh bae;

Tapi koe kamoerahanana Goes ti Alloh, teu boeroeng panedja oerang sarerea di kaboel, koe margi eta moega moega bae perkoempoelan P. K. V. B. pan djang oemoerna kalawan salamet dina perdjalanan noe di pimaksoed koe P. K. V. B.

Tah, koelantaran anoe dipi maksoed geus laksana oerang teh koedoe soenggoeh soenggoeh ngadjalankeun kawadjiban, kitoe deui dina pagawean koedoe sili pikanjaah lamoen aja anoe salah koedoe sili benerkeun, sili toeloengan, oelah sili telepkeun, oelah nepi ka kadjadian: sok kadjeun teuing batoer dipikangewa, asal aing dipika asih, kadjeun teuing batoer di lepas asal aing kapake.

Tah! doeloer-doeloer tabeat kitoe teh soegan bae bisa leungit atawa babalik pikir, soegan bae ari oerang daek koekoem poelan mah. Tah! sakitoe bae doeloer tamba loemajan.

Koe margi vergadering wak tosna parantos seep, vergadering ditoetoep djam 10 kalajan slametna.

Verslaggever.


**Seratkeun!**

Dina bade ngintoenkeun artos No. Abonne (langganan) dina strook postwissel.

Adm.


## Indonesia

### Beli borsama sama.

M.S. mere bedja ti Soeraba jen ajeuna di eta kota, koe goeloeboean Kadasterbond di vergaderingna bab kamadjoea na cooperatie personeel Kad ter noe make ngaran „Beli b sama sama."

Ieu pagoejoeban cooperat asal moeasalna mah lidna ng 6 djalma, modalna ngan f145 na kakara saboelan oge hid lid geus bisa meunang hati f

Dina boelan ka doea, ka tilo ka opat, ledeona nambahan ba sarta teroes madjoe henteu a halanganana dina sadjero 5 taoe Djadi ajeuna ieu pagoejoeba geus bisa njoemponan sagala ngaboetoehna noe djaradi lid leu. pagoejoeban ngan woen koel barangbeuli babarenge keur kaperloean ledenna ba tapi henteu ngadjoeal kanoe djen.

—o—

### Peil Schakelschool djadi toeroen.

B. M. meunang bedja, jen na ngamimitian pangadjaran t oen hareup mah, Schakelscho teh baris nampa moerid moeri noe geus tamat ti sakola dess Oepama ieu bedja teh, bene tangtoe matak ngahoedangkeu oge kana pikiran. Naha pang djaran di sakola dessa baris loehoeran?

Bab ieu henteu bisa djad tapi noe bisa kadjadian ma peilna schakelschool di kahand keun soepaja bisa nampa m rid ti sakola dessa. Kapan aj na oge pangadjaran sakola des djeung sakola kl. II teh geu sakitoe gandjorna.

—o—

### Pangadjaran Handwerk dileungitkeun.

Ngamimitian ti panangga boelan hareup, pangadjaran Han werk pikeun baroedak awe di sakola H.I.S. baris dileungi keun, ieu noeroetkeun bisloe na Departement Onderwijs e Eeredienst. Tapi lamoen r moerid moerid noe mikaboe toeh kana ieu pangadjaran, bi oge diajakeun, tapi ngadjarkeu nana isoek toer sagala kape leeanana koedoe meuli soranga Djadi lain ngan matak oloh ba tapi ngoerangan kana waktoen pangadjaran noe sedjen.

Djadi koe djalan kieu teh k tjida pamohalanana.

—o—

### Ti Tjilegon.

**Verbruik Cooperatie Tjilegon.**

Dina tanggal 25 Mei 1931 di Tjilegon di boemina Djrg. Tjo krosiswojo geus ngajakeun opea bare vergadering. noe maksoed na rek ngadegkeun pagoejoeban Verbruik Cooperatie. Ieu cooperatie koe djalan ngadjoea lan aandeelen, noe sahidjina f 20, malah harita oge geus aja f 400, tjatjakan kakara diadegkeun. nendjo kitoena mah gede pangharepan kana madjoe na, moega moega satereosna madjoe bae.

Noe djadi rengrengan bestuur Djrg. Tjokrosiswojo Voorzitter, Djrg. Ilia Penningmeester, Djrg. Karsidi Secretaris, Djrg Partodiwirjo Tweede idem, para djo ragan Soeparta djeung Widarm pradja commissarissen.

**Cursus basa Walanda**

Di Tjilegon ajeuna geus di degkeun hidji Comite noe mak soedna ngajakeun cursus basa Walanda, tapi ngajakeunana cu sus teh pikeun saha bae, sabab p keun kaoem boeroeh, lamoe diajakeun isoek mah taja pe na peuri milue diadjar.

Moega moega bae hade mang paatna.

**Henteu bisa aja politieke party**

Ngingetkeun kana pariksa an politie di Tjirebon, kana s gala vergaderingen boh vergad ring perkara cooperatie boh v gadering naon bae, anoe sam sakali henteu njabit njabit ka perkara politiek, tapi paparik anana katjida talitina, nepi k mapaj hajang njaho saha no mimiti ngabogaan angen ange Koe sabab eta, komo lamoen tempat kasoopean pa koe p gerakan politiek, doeka teuin koemaha papajanana.

Tapi saha noe bisa ngira ra lamoen isoekan pageto ka e tempat bisa ngajakeun salah s hidji tjabang ti pagoejoeban p litiek. Teu bisa koe kira-kir

# TI PIPIR HAWOE

Dina Sipatahoenan doeka noe iraha, Abah matja karangan bab ngala doeit, koe djalan djadi anemer. Sina diparake tjonto, koedoe koemaha taktikna, soe paja dina waktoe noe saeu deung bisa ngoempoelkeun ka kajaan noe memang lain saeutik.

Poegoeh, enja, aloeoes! Tapi . . . . taaaaah aja tapina.

Doenja henteu salawasna ma tak soegema, matak moelja. Moelja loear djerona. Hartina: moelja kadeuleuna koe noe se djen djeung moelja geweteuna, tengtrem hatena, lantaran kamoes lihatan boga ridjki noe asli, la in beunang kongkalikong atawa patpat goelipat.

Palaj tjontona ?

Geura Abah rek ngadongeng. Lain dongeng ajeuna ajeuna ta pi djaman Koeno, djaman pa tinggi djeung tjoetak.

Djaman harita oge, tjeuk tjari ta, geus aja pakasaban nganemer teh. Enja henteuna, wallohoe'alam, da teu ngalaman.

„Emang oge," saoer hidji se poeh, waktos Abah ngobrolkeun artikel Sipatahoenan, "Emang oge," bisa miloe tjarita tina hal eta. Karoehoen oge nja kadinja patjabakanana, poerah ngaborong pagawean.

Koe lantaran djaman harita mah teu tjara ajeuna, loba Controle, waaah . . . metjekil, da babari. Asal bisa ngentjo ngatoehoe maen djedjel, . . . . . soedah, beres.

Djoeragan Tjoetak . . . Leuh! anggoer, soeroetoe, kidjoe . . . moen ajeuna mah Djoeragan patinggi . . . nja kitoe keneh.

Ka noe sedjen . . . , tah ieu rorompok. Linggihan teu kedah njewa.

Ka noe sedjen deui, ditang goeng ongkos ongkosna dinanu angkat angkatan. Bohram tjeuk basa ajeuna, balaketjrakan tjeuk baheula botram taja eureun na. Tempo tempo ka Bendara Istri noe koetiap kitjeup, boh lelepen, boh liontin moen ajeu na mah.

Taah kitoe kalakoean karoehoen Emang teh. Poegoeh koe karoehoen ngetjek ngaboer, harga sapokna djadi, moen batoe, keusik atawa balok saengangna ditedoenan.

Euweuh noe wani ngaharoe biroe da poegoeh aloes paboeng kemanana. Toeroeg toeroeg lantaran kadeuleuna oelin di loehoer, tjampoer djeung para loehoer, teu woedoe Marhaen serab, nepi ka domba dombana dipikaisin, sanadjan diaboer teu aja noe madjar koemaha.

Tjindekna tjek soerakna wong akeh karoehoen Emang teh moelja. Lain moelja kaoelinan. Tapi ki Abah pertjaja kana ka moeljaan loear djerona ? . . . .

Henteu, ki Abah, sabab saka peung sang karoehoen sok ge gebegan, baloeas, lantaran teu oenggal hoeloe haripeut koe teuteureujeun, aja oge noe ngadek satjekna nilas saplasna.

Noe matak doenja teu salawasna matak moelja. Ana sanoe bari diberik koe rasa adil, heug teu njampak, matak goeling gasahan.

Toengtoengna? . . . .

Koe lantaran beunang ngoempoelkeun lain koe djalan moes lihat tea, teu tepi ka Emang-Emang atjan eta radja kaja teh. Pedot kabeh.

Noeroetkeun wet Karma.

Ari noe ajeuna mah, noe baleunghar koe nganemer, tangtoe redjeki iseli, da moal aja kongkalikong, patpat goelipat, lantaran heeer sia, sabaraha heran noe poerah nalingakeunana oge: aja rengrengan koemetir, rengrengan kaboepaten, rengrengan gedeputeerden. Oepama bisa, nja katjida teuing, noendoetan kabeh. Lain kitoe ki Abah ?"

„Soemoehoen", tjek biwir Abah. „Doeka teuing," tjek hate Abah, maloem aja basa akal kodja, tipoe keling. Siapa tahoe, aja noe bisa minteran rengrengan rengrengan tea.

Ngan meureun moen aja ko lebat-kolebatna dina soerat kabar, gantjang disoesoed, moal tjara baheula teuing. Sanes kitoe heer O—t—t—o ?

— — — — — — — — — — —

— Abah, Abah !" . . . . . . . .

- Bakoe, Entjep mah sok ngarewong. Aia naon ?

— Naon soendana: there is something rotten, ergens in de Godenwereld !"

- Soendana ? Ke heula. Euh kieu: Toeh aja barang teu pati oeni, di Swarga Loka.*)

— Hihi . . . . . . . . .

Abah.

Poentjak, 23 Mei '31.

---

*) Swarga Loka atawa Para Hiangan ? (Corr.)

# Loear Indonesia

## Pergerakan di Mesir.

(samboengan Sip. kamari).

Isoekna poë Salasa isoek isoek samemeh bidjil panonpoé soe rat kabar geus mantjawoera di kotta Cairo ngawawarkeun ka djadian di station B nisoewif tea, Di oenggal imah, ditoko to ko, di sakola sakola pada mara tja s, k, kalawan taliti, dibare ngan koe angen ratoeg.

Toko toko, waroeng waroeng loeloeroeng loeloeroeng lemboer lemboer didjaga koe poelisi. Ra hajat pada ngarasa sedih. Lain sedih lantaran meunang bahaja, tapi sedih reh teu bisa nembong keun katjinta hatena ka panoeng toen panoengtoen rahajat tea.

Ieu kadjadian di Mesir geus djadi sabiwir hidji, sarta katjida ditengetkeunana koe pamarentah di nagara Inggris. Soerat soerat kabar di Inggris pada ngamoeat keun mangkolom kolom ieu ka djauian, sabagian ngabenerkeun kana kalakoeanana Pamarentah Mesir, sabagian deui ngabenerkeun ka pihak National noe di kapalaan koe Moestopa Nahas Pasha djeung M. Mahmoed Pasha.

Dina poé eta rahajat Banisoewif merotest kana kalakoeanana pamarentah anoe kedjem.

Nja kitoe deui parte Wafd bagian awewe miloe mrotest, sarta dimoeat dina soerat-soerat kabar :

Anggota anggota parte Wafd bagian awewe ngadjerit maratan langit, mrotest anoe katjida ke rasna, lantaran nendjo kalakoe an Pamarentah anoe euweuh pi sanjkaadilanana (tidak djoedjoer) terhadep ka panoengtoen rahajat Mr. Moestafa Nahas Pasha, dr. M. Mahmoed Pasha djeung sabatoeranana waktoe djarah ka kotta Banisoewif.

Naon naon noe geus dilakoe keun koe Pamarentah, nembong keun kabohonganana Pamaren tah, anoe madjahkeun kabeh rahajat noeroet kana politiekna Pamarentah. Pikeun ngadjaga, oelah nepi ka kadjadian bandjir getih, sarta ngadjaga kamerdika anana rahajat dina waktoe anoe sakieu roewetna, leuwih hade Ismail Sidky Pasha ngalesotkeun kapangkatanana.

Nilik protesna kaom istri di Mesir, oerang bisa ngoekoer kamadjoeanana dibandingkeun djeung di oerang. Kaom istri di Mesir geus insjaf, bergerak te rang terangan dina kalangan poli tiek, digawe babarengan djeung kaom lalaki.

Poè eta keneh tg. 7 April rea pisan kaom istri anoe loehoer pangkatan ngadareuheus ka Kg. Radja Foead, njanggakeun soerat anoe ditanda koe 200 kaom istri maksoedna panoenoehoen, moega moega Kg. Radja kersa nju lametkeun rahajat nagara Mesir.

Deui, rahajat Mesir ngarasa katjida teu senangna koe sikep na Cabinet anoe dikapalaan koe Sidky Pasha, anoe salawasna nga hina hak hakna rahajat, ngahalang halang kemerdikaan rahajat, kalawan ngagoenakeun kakoea tanana balatantara.

Tah kitoe kadjadian di Mesir anoe pantes dikanjaho keun koe oerang sarerea.

Hade oge di dieu ditjaritakeun, jen kamarina kaom boe roeh ngadenge bedja Amir Abas Halim (karabat radja, panoeng toen kaom boeroeh) rek djarah ka clubna poekoel 8 isoek isoek. Poekoel satengah 8, koerang leuwih 2000 kaom boeroeh geus pada noenggoe noenggoe soem pingna Amir Abas.

Di sakoeriling eta club diling koeng koe balatantara anoe ka tjida reana, dikapalaan koe 3 officier bangsa Mesir djeung 4 officier bangsa Inggris.

Barang djol oge Amir Abas Halim soemping ditampa koe keprok anoe rame pisan.

Waktoe eta soldadoe djeung poelisi ngagoenakeun pakarang na, ngalarang kaom boeroeh teu meunang asoep ka clubna.

Amir Abas Halim ngama'loem, tangtoe bakal ngadjadi keun kariboetan antara kaom boeroeh djeung poelisi, koe sa bab eta andjeunna nganoehoen keun ka kabeh kaom boeroeh tina geus pada merloekeun dara tang ka clubna, sarta ngaharep soepaja kaom boeroeh pada ma roelang deui ka pagaweanana masing masing, bisi matak nga djadikeun hal noe koerang ha de (S.R I.)

Djoeroe salin
Creoline

# Sport

## Kampioenwedstrijden

### Bandoeng kampioen Java.

Saban taoen oenggal oenggal boelan Mei di kalangan sport sarerea pada ngaregepkeun kana pertandingan voetbal diantara bond bond anoe arasoep kana N.I.V.B (Ned. Ind. voetbalbond), koelantaran dina waktoe eta mareboetkeun kampioenschap sapoelo Djawa. Ti barang diadegkeun N.I.V.B. anoe pare boet teh ngan bond-bond ti 4 kota noe panggedena di oerang nja eta Batawi, Bandoeng, Semarang, Soerabaja. Ti taoen 1914 nepi ka taoen 1930 anoe bisa meunangkeun titel kampioen teh piligenti Batawi djeung Soerabaja bae. Kabehdieunakeun rea deui kota-kota sedjen anoe asoep kana N.I.V.B., saperti: Malang, Djocja djeung Soekaboemi; tapi dina oedjian districtwedstrijden ieu mah sok koedoe njerah ka anoe diseboet ti heula.

Taoen ieu 1931, geus nepi kana oegana, titel kampioen teh beunang koe oerang Bandoeng Dina districtwedstrijden Bandoeng teh meh meh bae tigoeling, koelantaran eleh koe Batawi, sarta seri djeung Soekaboemi. Tapi dina oedjian pangoelaan Bandoeng bisa noeloengan kahormatanana, malah dina voor wedstrijd Batawi koedoe njerah 4—2.

Katoeroeg-toeroeg Soerabaja oge koe Semarang eleh 5—3.

Dina waktoena eta 4 djago pa hareup-hareup di tanah lapang Deca-park, katjida Bandoeng sosoa-sosoana, rata-rata sakabehna anoe maen teu aja melentjing. Ningal kana kadaekna djeung kapinteranana saoerang oerangna pantes pisan oerang Bandoeng djadina kampioen dina taoen ieu teh. Anoe poendjoei ti baba toeranana dina maenna nja eta, keeperna, Soekiman, Amrein (2 back) djeung Boog (center-half.)

Di oenggal elftal kadjaba Soerabaja, loba Indonesiers anoe miloe, sarta tanagana saroea bae, malah aja noe leuwih ti bangsa sedjen.

Djadi tetela di oerang oge oepama geus aja persatoean anoe sampoerna mah teu koerang koerang ti tanaga anoe harade. Ngan ajeuna mah kari ngarapihkeunana bae koe bond bond Indonesiers anoe meh di oenggal kota geus aja (malah di Bd. mah bedjana aja doea !) Lamoen batoer njieun organisatie anoe sakitoe rapihna, pira koe oerang teu bisa, noeroetan noeroetan bae mah.

Poetoesanana poedjian di Batawi saperti dihandap:

| | |
|---|---|
| Batawi—Semarang | 3—2 |
| Bandoeng—Semarang | 4—0 |
| Bandoeng—Soerabaja | 3—3 |
| Soerabaja—Batawi | 0—4 |

Djadi stand Competisina saperti kieu:

| Bond | maen | meunang | seri | eleh | goal voor | goal tegen | punt | rata-rata |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Bandoeng | 3 | 2 | 1 | — | 11 | 5 | 5 | 1,66 |
| Batawi | 3 | 2 | — | 1 | 9 | 6 | 4 | 1,33 |
| Semarang | 3 | 1 | — | 2 | 7 | 10 | 2 | 0.66 |
| Soerabaja | 3 | — | 1 | 2 | 6 | 12 | 1 | 0,33 |

Bandoeng Kampioen 1931/32 Salamet !

—o—

## N. V. B. Deui bae?

Ehem, djrg. Bandoenger dina seseratanana dina Sipatahoenan No. 113, geus nampik sapadjodogan. Pendek teu roemasa ngritik afbrekend, estoe opbouwend. Koe nganglesna koe ring seuri, tapi teu weleh djadi atoh, sarta noehoen reboe reboe reh djrg. Bandoenger ngiritikna maksoedna tjenah sae, noehoen djagan noehoen, moegi Allah marengkeun sing saterasna.

Moeng saeutik koering masihan katerangan, jen dadangoean djrg. padjarkeun N. V. B. Njaram ka spelersna maen sareng B. I. V. B. eta teu bisa djadi, sabab dina statuten teu aja mak soed kitoe, djadi eta dadangoean bohong teh. Namoeng oepami andjeun teu roemaos, nja dalah dikoemaha, da koering teh rarasaan mah teu lolong, estoe bener matja katerangan djagan teh. Pendek eta mah terserah ka noe maraos bae saha noe kedah nganggo katja mata. Hal maksad N. V. B. koe djrg. Kartasapoetra dina Sipatahoenan kamari ieu parantos diterangkeun oge koering ngahatoerkeun reboe noehoen, da memang eta noe dimaksoed asal oge, djadi pikeun djrg. Bandoenger sareng noe sanes-sanes ajeuna parantos pada terang maksad N. V. B. noe sadjelas djelasna.

Mangga oerang pada ngalenjepkeun.

—o—

## Teu toeloes diadoe.

Tanggal 18 boelan ieu Mei 1931 bestuur v. v. „Dhon" geus narima soerat ondangan ti bestuur „Lapang Voetbal Soreang" di Soreang, soepaja voetbalclub noe kaseboet ti heula tea datang ka Soreang baris diadoekeun djeung L(apang) V(oetbal) S(oreang), dina tanggal 24 Mei 1931.

Kana pangondangna ieu voetbalclub, v. v. „Dhon" ngalaksanakeun, dina waktoena noe geus ditangtoekeun tea datang ka Soreang. Tapi, teu karoehan naon lantaranana, ditoenggoe nepi ka djam genep sore, noe baris ngajonan teh, L.V.S. teu elol-elol, nepi ka tamoe kapaksa balik beresih teu koengsi diadoekeun.

# Koropak

Djrg. Omodipradja di Bandoeng.

Diantos verslag ringkesna bae, ngantet sareng kakiranganana tempat, noe parantos katampi ajeuna henteu tiasa dilebetkeun. Sae ngadamel saperloena bae !

-o—

Djrg. Tjamboek di Tjiandjoer.

Sanget disoehoenkeun, oepami ngadamel karangan kedah noe terang pisan maksadna, margi oepami koe silib koe siloka bae kantenan sesah pisan ngahartos keunana. Koe margi eta, seratan Tjamboek ka II henteu tiasa di lebetkeun, moegi teu djadi bendoe, sareng moegi djadi oenlaga. Djabi eta, roepina bae ieu mah henteu aja patjantelna sareng perkawis oemoem.

# Kawat

tina s. s. k.

AUSTRALIE.

Kapal oedara „Abel Tasman".

Longreach. (Aneta-Nipa). Kapal oedara „Abel Tasman" dina poé kamari kira poekoel 6.45 geus indit ti Sydney, sarta ajeuna geus datang ka Longreach. Dina djero perdjalanan henteu manggih halangan haroengan naon naon. Isoekna „Abel Tasman" rek neroeskeun perdjalananana ka Wyndham.

—o—

INDIA.

Geus nepi kana titis toelisna.

Luckow. (Aneta-Nipa Reuter). Sir Mohamad Ali Mohamad Khan, president ti All India Muslim League, geus nepi kana titis toelisna dina poé kamari ngaleupaskeun njawa noe panoetoepan.

Katjilakaan.

Madras. (Aneta-Nipa Reuter). Waktoe aja katjilakaan koe bitoena di hidji parit emas di Kolar aja 10 djalma noe maot, djeung 60 djiwa noe leungit.

—o—

EGYPTE.

Goena pikeun propaganda katoen.

Cairo. (Aneta Nipa Reuter). Ministerie financieen geus njadiakeun doeit gedena 50.000 sterling goena pikeun propaganda noe patalina djeung paoesahaan katoen.


GALOENGGOENG — BIOSCOOP
TASIKMALAJA

— — Moelai Saptoe (30 MEI 31) dan malem brikoetnja — —

Radjanja film bitjara.

The Vagabond King

Ini film semoea pake warna natuurkleur.

Hoofdrol dipegang oleh :

DENNIS KING
JEANETTE MAC DONALD.

Lebih djaoeh priksa PROGRAMMANJA.
Kaloe Toean toean tida menjaksiken ini film jang paling besar, tentoe menjesel di blakang hari.

*HARGA TEMPAT BIASA.*

TOKO OBAT & FABRIEK DJAMOE
Poa Tjong Kwan
WONOGIRI - JAVA

Djamoe koeat tjap djago.

Hidji pertoeloengan anoe oetama pisan kanggo pameget, nambihan kasantosaan, kagagahan sareng kasampoernaan, sakoemaha kedahna pameget pinoeh koe kasehatanana. Pangaos 50 zak F 2.50.

Djamoe koeat tjap babon.

Sadaja istri djanten iboe, kedah miara kasehatanana. Koe djalan noeang Djamoe tjap Babon tiasa kenging kasehatan anoe sampoerna, sae djalanna getih, kenging toeroenan (poetra) anoe sehat toer seger, malah djabi ti kitoe teh henteu enggal sepoeh deui ! Pangaos 50 zak F 2.50.

Djamoe Perawan.

Seueur pisan parawan noe salirana lesoe, tjahaja pias kiraug mentjrang mesoem sareng saban sasih getih henteu kantenan djalanna. Matak hawatos pisan, margi eta teh hidji bahaja anoe matak ngirangan, tiasa djanten oge matak ngaleungitkeun kasaeanana salira Pala papendak sarengk asehatan teh teu kinten sesahna, moeng koe sadjalan pisan, nja eta sering toeang Djamoe Perawan, margi djabi ti kitoe teh oge tiasa ngadjantenkeun istri-istri anom sapertos parawan deui Pangaos 50 zak F 2.50.

Boeboek Serbat.

Teu kinten raosna sareng matak seger, tiasa njingkahan kasawat noe awon, malah saena pisan mah diarot saban dinten, midamel gegentos The sareng Koffie. Pangaos 50 zak F 2.50.

Djamoe tjekok koeda.

Teu kinten saena kanggo ngalintoehan sareng nambihan kiat ka Sapi Koeda sareng Moending. Anoe langsoeng saena pisan mah ka Sapi peres ngadjantenkeun seueur sareng kentel tjisoesoena Pangaosna 10 zak F 1.50

Param-Poesaka tjap djago.

Landong gosok anoe teu kinten mandjoerna, kanggo noelak roepi-roepi kasawat sapertos : Teu raos oerat, tjape, pegel, lebet angin sareng seueur-seueur deui. Pangaos 50 zak F 2.50.

Pil Adjimat.

Teu kinten seueur goenana kanggo nambihan sareng ngaberesihan getih, tiasa enggal ngaleungitkeun kasawat kotor, sapertos : Kahampangan getih sareng nanah, radja singa, karaos angkeng, intjok atanapi teu raos toelang (Rheumatiek), loempoeh sareng lesoe salira. Djabi ti kitoe teh tiasa noeloeng ka istri-istri anoe teu angger teu damang sasihna sareng dina waktosna sok teu raraos. Pangaos 1 pak F 0.60. 1 flesch F 1.50

Boeboek Mandjoer.

Landong ka raos sirah (rieut) anoe teu kinten matihna, lalandjoeng, mabok sareng teu kinten saena kanggo anoe karaos waos. Pangaos 1 pak 10 bk. F 1

Madoe Moedjidjat.

Ieu landong sanes moeng ngaranna bae, namoeng jaktos tiasa enggal njat geurkeun roepi-roepi kasawat sapertos : batoek, pileg, boenghak lamboemoeles, njeri angen sareng ngaier kabeuratan.
Pangaos 1 fl. ageung F 1.—, sedeng F 0,30.

Minjak Parem „Djago".

(RECEPT DR. P. WINOTO).

Ieu landong teh koe margi didamelna kalajan neroetkeun recept Docter anoe kasohor, atoeh teu kantos lami deui teras bae kawentar kamatihanana. Ieu teh minjak gosok, teu kinten saena kanggo njageurkeun bangsa raheut pegel, tis sampean sareng panangan, misalah oerat, njeri tjeuli sareng waos, langkoeng mandjoer ti batan sagala minjak gosok anoe sanes damelan docter. Pangaos : Flesch ageung F 1.—, sedeng F 0.40, alit F 0.25

Zalf Serba Waras.

(RECEPT DR. P. WINOTO).

Parantos seueur anoe kaloear minjak gosok kentel (Balzam) kalawan nganggo roepi-roepi tjap, moeng anoe dikaloearkeun di dieu mah damelan Docter anoe parantos kasohor, djabi ti langkoeng matih teh henteu ngaresak kasehatan salira deui. Zalf Serba Waras teh tiasa njageurkeun rieut, pigebareuh, misalah oerat sareng sabangsana.
Pangaos 1 gotji ageung F 1.—, gotji alit F 0.30.

Minjak Klonjo „Djempol".

Kantenan parantos seueur kaloearan Minjak Klonjo landong sirah, namoen ieu mah : DJEMPOLNA!
Sanes moeng kanggo di boemi bae, namoeng oge oepami angkat-angkatan teu kinten perloena njandak Minjak Klonjo „Djempol", margi djabi ti gampil sae teu raos sirah teh oge njageurkeun sebel, sesek ngambekan, teu kersa koelem sareng teu raos waos, tiasa dianggo ngaberesihan saban sonten sareng endjing. Pangaos 1 botol (angsret) F 0.70, 1 flesch 5 gram F 0.15
Tiasa ngagaleuh di toko-toko sareng waroeng-waroeng di sakoeliah Indonesia.

Pangaos kanggo itjaleun deui tiasa badanten heula.

AWAS ! Sing saha anoe pesen kalawan nerangkeun manggih tina „SIPATAHOENAN", baris dihatoeranan perecen oebar-oebar EXTRA.

# ADVERTENTIËN

KANTOREN:

## R. Idih Prawira di Poetra

RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
OEROESAN: CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA

Hoofdkantoor di Garoet: tel. 142 Pakoewon No. 10
Bijkantoor di Tasikmalaja: tel. 121 Manondjajaweg
— No. 13, atawa Heerenstraat No. 14 sareng —
— Pangeran Soemedangweg No. 115 Bandoeng. —

KETOE OEDENG



## HALIM

WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —



Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.
Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadjawan) anoe nganggo endol alit ipis sareng anoe benteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem
Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet (·'·tjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng benteu.
Kopejah bloedroe bideung sareng beureum, nja kitoe deui modelna, model Medan (ipis sareng leuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 oekoeran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-balik f 1,50- Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50- Poleng Soetra ditanggel kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 10,— palekat tjap korsi No. 1 f 3,25.
Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 1-5

## Bedak Mandjoer
## NOER BOEAT SARI PATIMAH

Koelit raraj, oepami parantos katerap koe kokoloteun, sareng roepi-roepi panjawat koelit, anggo bae saiamina BEDAK MANDJOER NOER BOEAT SARI PATIMAH kenging ngadamel NJI RADEN SITI ROHMAT, anoe achli ngoeroes salira. Moerangkalih anoe dibiasakeun nganggo ieu wedak ti alit, moal tiasa katerap koe panjawat koelit doegi ka sepoeh. Ngang gona endjing sonten ontas siram, ditinjoeh koe tjai sakalieun bae

| | | | |
|---|---|---|---|
| Pangaos | 1/1 doos boeleud | . . . . . . . . . | f 2,— |
| | 3/4 „ „ | . . . . . . . . . | „ 1,25 |
| | 1/2 „ „ | . . . . . . . . . | „ 0,75 |
| | 1/4 „ „ | . . . . . . . . . | „ 0,50 |
| | 1 envelop alit | . . . . . . . . . | „ 0.25 |
| | 10 „ „ | . . . . . . . . . | „ 2.25 |

Tiasa ngagaleuh ka A. D. Prawira Petak Seng No. 7 Kp. Lima Sentiong Setiboe G. Kebon Katjang III Tanahabang Batavia-Centrum, atanapi ka Agenten K. Soeparman Andirweg 52 22A sareng Nji Rd. Aminah Gang poengkoer Ketjil 115 18B di Bandoeng. Milari Agenten di oenggal tempat, sareng ditanggel tangtos oentoeng, serat lamaran dialamatkeun ka

HOOFDAGENT

A. D. PRAWIRA.

## NGAWITAN TI 1 MEI 1931.

DOKTER H. HEERDJAN

Di djoeroe djalan Tjitjendo djeung Kebonkawoeng
BANDOENG, TELEFOON No. 780.

Waktosna nampi tamoe (noe talandong):

Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9.
Siang id. 4 id. 6.

520

# OSRAM GLOEILAMPEN

Jang soedah terkenal kakoetannja lebih terang menjalanja dari laen-laen lampoe boeat listrict. Djoega disediaken boeat tarief D. jang pake tjentilan diatasnja.

Bisa dapet
di

# TOKO TRIO

Goenoeng Sabeulah 27 - Tasikmalaja

## GRAMOPHOON & PLATENHANDEL
## „DE HARP"

Groote Postweg 76 — Filiaal Singaparnaweg 45
BANDOENG TASIKMALAJA

Salamina njajagikeun roepi-roepi parabot kaperloean muziek, anoe ditanggel tiasa njoemponan kana sanes kanten noe dipesen koe para djoeragan.
Roepi-roepi plaat gramophoon. sareng dina lagoe-lagoena oge ngahadja njajagian lagoe anoe dina waktos ieu mah keur meudjeuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film. Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta.
Soepados tiasa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga ditjarobi bae.

*Hoermatna*
*noe ngadjeng-ngadjeng.*

## JODOSTICK

**Naon ari Jodostick?**

Oooh. JODOSTICK hidji landong anoe katjida mandjoerna pikeun roepi-roepi panjawat saperti:
— Raheut, kakadek, dipatjok Oraj, keuna —
— koe seungseureudan sareng sabangsana. —
Nganggona katjida gampilna, eta raheut atawa noe oeroet diseureud tea, asal disoesoet koe JODOSTICK tangtos peurahna moal tiasa njaliara harita keneh
— — — tiasa sae deui — — —

Pangaos hidji fles moeng f 2.—

Tiasa kenging ti:

CHEMICALIEN HANDEL.

## V. H. TOKO NIC. MULLER

Goenoeng Ladoe 15 —o— Telefoon 26
TASIKMALAJA.

*Enggal ngalanggan dagblad SIPATAHOENAN*

## NEMBE DIBOEKA

Kangge ngagampilkeun kana saniskanten kaperloean langganan sareng tiasa enggal njoemponan sadaja pesenan, ngahadja ngawitan ti 1 April 1931, TEGELFABRIEK „NAJA" Tasikmalaja, ngajakeun filiaal di Soebang, tempatna di Soekamenak. Ngadamelan roepi² tegel. beton rooster (angin²) beton buis (koeloewoeng), padamelanana ditanggel ngabingahkeun toer pangaosna tiasa dibandingkeun.

*Noe ngadjeng-ngadjeng.*

Tegelfabriek „NAJA"
TASIKMALAJA — SOEBANG

*Parantos njobian ?*
*Oepami teu atjan, kedah enggal soemping ka:*

## *Snelpers Drukkerij Galoenggoeng*

*Passarstraat No. 34 — TASIKMALAJA — Telefoon No. 51*

*Nampi roepi-roepi tjitakan, padamelan ditanggel enggal sareng rapih, oge sajagi roepi-roepi kaperloean kantoor sapertos: boekoe-boekoe, potlood, vulpens, mangsi sareng seueur-seueur deui, pangaos ditanggel — — mirah sareng ngabingahkeun. — —*

## „DE GOUDEN STER"

Ada namanja kita poenja merk limonade dan aerblanda jang soedah tjoekoep terkenal diantara toean-toean langganan, teroetama ia poenja kwaliteit jang selaloe didjaga, dan ditilik oleh Gezondheid Dienst.
Djangan sangsi tjarilah selamanja itoe merk
——— Temtoe menjenangken. ———

Memoedjiken dengan hormat

Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER"
Tasikmalaja -- Telefoon No. 114.

## BANDOENGSCHE
## Chemische Wasscherij & Ververij

Stationsweg No. 30 TASIKMALAJA Naast GEBEO.



„Timana andjeun ngengkonkeun njeuseuh (njelep) sakieu saena?"

Adres noe kasebat diloehoer parantos kamashoer kasaenana kangge njoemponan njeuseuh roepi-roepi panganggo, sapertos: linnen, gabardine, palmbeach, alpacca, satin, kamgaar, tricot, toedoeng sareng sadjabina ti eta. Oge nampi kongkonan njelep panganggo, sapertos noe parantos boeroek tiasa weuteuh deui (dryeing work).

*Padamelan ditanggel ngabingahkeun, pangaos direken pantesna.*
*Mangga ngadamel pertjobian!*

## Padjengkeun Dagblad „SIPATAHOENAN" koe djalan mangmilarikeun Abonne's noe saratia


# IMPLIK-IMPLIK

TJARIOS

? ? ?

*Dikarang koe*

**Nanie**

BANDOENG

(Speciaal keur „Sip")

No. 32

„Kantenan bae hajang mah"

„Apan ieu mama Atjep teh"

„Wadoel," tembalna bari njerengeh seuri, „da mama abdi mah bi Begol."

„Geura taroskeun ka Nana."

„Nana, ieu teh mama addi noe di Bogol tea?"

„Sa, . . . san . . . soemoehoen," wangsoel Neng Emi.

Koswara balaham belehem bari ngolomoh tjeeroek.

„Ka dieu atoeh ka mama," tjek Fatah bari njodorkeun leungeunna.

Koswara njampeurkeun, gek dioek dihareupeun bapana bari toengkoel.

Koe Fatah dipangkoe teroes di lahoen bari di . . . . tjeungtjeurikan.

„Koe naon mama nangis?" Tjek Koswara bari talanggahan.

„Em," tjek Fatah, „naha iklas lamoen boedak nepi ka boga bapa tere atawa indoeng tere?"

„Naha make iklas, lamoen bapa tere anoe njaaheun mah leuwih ti bapa bener." Tembal Neng Emi njariosna djadi teu geug.

„Kapan Em njaho koemaha temahna boedak noe bogaeun bapa tere hiroepna kamalole, hen teu bisa nampa kanjaah indoeng bapana anoe mideudeuh mitjinta ka manehna."

„Balik - balikanan aja bapana . . . ."

„Djadi keukeuh moal ngahampoera ka engkang.?"

„Teu kedah ngahampoera, oepami teu kagoengan dosa ka abdi.

„Dosa engkang ka Emi katjida gedena."

„Henteu," tembal Neng Emi, „oepami abdi teu gadoeh lepat roepina djoeragan moal bibilasan ka abdi."

„Emi teu boga dosa." Tjeuk Fatah, „engkang noe geus nandasa ka Em tanpa dosa. Koe sabab eta Em moega ngahampoera kana dosa engkang.

„Oepami jaktos djoeragan kagoengan dosa ka abdi insja Allah dihapoenten pisan."

„Noehoen Em, Em hidji awewe anoe soetji ati. Tah ajeuna Em sanggeus ngahampoera ka engkang, naha teu karoenja ka . . . . . . boedak?"

„Zonder bapana boedak, moe loes rahajoe, taja pantjabaja."

„Naha Em rek ngantep ka engkang, ngagoegoeloeng ka kadoehoeng, ngangandar katoenggaraan anoe salawasna mitjinta mibeurat ka si Oedjang?"

„Ngantep?" Tembal Neng Emi, „na nganggo ngaraos dlantep da ajeuna mah parantos sanes sanesna deui. Kadar boedak oerang pada mikanjaah bae, oepami ngaraos kagoengan poetra mah."

Fatah ngetjagkeun Coswara, paromanna mesoem. Djoeng manehna nangtoeng, bari ngomong.

„Teu lami atoeh Em."

„Ka mana mama?" Tjek Koswara."

„Bade wangsoel."

„Moelih ka mana? Pan ieu imah oelang teh."

„Da teu kenging koe Nana."

„Naha Nana teu kenging?"

Neng Emi teu ngawangsoel, pasemonna aloem, emoetanana baloewang, teu poegoeh raraosan: Leos Fatah indit.

„Bade ka mana mama? Abdi ngiling."

Fatah kebat leumpang, goak Koswara tjeurik.

„Koemaha kaajaan manah Neng Emi harita, soesah ngagambarkeunana koe toelisan.

Ret andjeunna ningali ka poetra anoe keur tjeurik noe sakitoe mitjintana ka ramana, leketej manahna kasilep koe kawatir, ka njeri, kapeurih noe katoekang toekang leungit, kapepes koe ka njaah ka noe djadi poetra.

„Karoenja teuing anak aing lamoen nepi ka bogaeun bapa tere atawa indoeng tere teh", tjek dina emoetanana, „da aing teh moal hade lelengohan bae."

Tapi ari tas emoet kana kakedjemanana Fatah . . . salirana ngabirigidig, sarta keukeuh emoetanana moal kersa diwangsoelan deui.

BAGIAN VIII.

Oerang toenda heula Neng Emi anoe keur nandangan kasoengkawaan, djeung Fatah anoe keur meudjeuhna goeligah teu ngeunah dahar teu ngeunah sare kantaka koe . . . . popotongan.

Tjatoerkeun Neng Atikah anoe meh salawasna dibregbregan ka barangtaan, diproekproek koe kaliwoeng.

Saboelan ti sanggeus nikah, ditjandak ngalih koe rakana ka Garoet. Andjeunna geus kagoengan poetra istri hidji joeswana kakara 3 boelan.

*Teraskeuneun.*


*Boekoe*

**Soengkeman Geloeng**

kenging Narajana

à F 0.30—

*Adm. Sipatahoenan.*